



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO APLODI DÈSKE FAKILTE MEDIKAL REJYON NÒ SUNY AN NOME DOKTÈ STEPHEN THOMAS, KÒM PRENSIPAL ANKETÈ POU ESÈ MONDYAL VAKSEN PFIZER A

Fakilte medikal rejyon nò SUNY an sèvi kòm youn nan kote pou faz twa mondyal nan esè vaksen an

Dezyèm gwo anons ki gen rapò ak rechèch sou COVID-19 soti nan Rejyon nò a pandan otòn sa a

Doktè Thomas pral sipòte Pfizer/BioNTech pandan yo ap prepare done sou esè vaksen an pou soumisyon bay ajans regilatwa yo pita nan mwa sa a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY (SUNY Upstate Medical) an te nome Doktè Stephen Thomas kòm anketè prensipal an chèf pou esè vaksen mondyal Pfizer/BioNTech la, ki ap montre plis pase 90 pousan efikasite nan prevni COVID-19. Fakilte medikal rejyon nò SUNY an sèvi kòm youn nan kote pou faz twa mondyal nan esè vaksen an.

"Ekspè medikal New York yo san parèy epi depi nan kòmansman pandemi sa a, nou te repoze sou gwo konesans ak ekspètiz yo a pou gide entèvansyon nou yo. Mwen kontan Pfizer ap fè menm jan an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se bòn nouvèl dèske Pfizer/BioNTech ap wè rezilta pozitif nan esè vaksen li an, epi mwen fyè dèske yo chwazi youn nan pi gwo ekspè maladi enfektye New York pou dirije esè vaksen mondyla li a. Onon tout fanmi New York la mwen ta renmen remèsye Doktè Thomas pou travay li nan konbat ènmi envizib sa a."

Kòm anketè prensipal, Doktè Thomas, ki se Responsab an Chèf Maladi Enfektye nan Rejyon Nò, pral sipòte Pfizer ak BioNTech pandan yo ap prepare done sou esè vaksen an pou soumisyon bay ajans regilatwa yo gen ladan Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food and Drug Administration, FDA) an, ke yo prevwa ki kapab fèt pita nan mwa sa a.

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Sa se dezyèm pi gwo nouvèl ki gen rapò ak rechèch sou COVID-19 ki soti nan Fakilte Medikal Rejyon Nò apre FDA te apwouve tès siveyans kolektif pou viris la, epi li sèvi kòm yon rapèl sou ekspètiz ki nan SUNY pou ede rezoud gwo pwoblèm ki ap afekte sosyete nou an. Chak moun nan nou genyen yon wòl pou jwe nan konbat epidemi sa a, soti nan pote mask ak kenbe distans

sosyal, kòm vas majorite etidyan nou yo fè sa; pou rive nan ekipe kanpis nou yo sou baz done ak lasyans pou pwoteje etidyan yo, pwofesè yo, ak pèsonèl la; pou rive nan pwodiksyon Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE); ak kapsite rechèch. Doktè Thomas, Doktè Frank Middleton, pami anpil lòt moun nan SUNY nan premye liy inovasyon medikal, epi yo sèvi kòm enspirasyon pou etidyan nou yo ak kamarad yo".

Prezidan Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY an, Doktè Mantosh Dewan, te deklare, "Wòl lidèchip entènasyonal Doktè Stephen Thomas kòm prensipal anketè nan esè klinik faz 3 mondyal Pfizer/BioNTech a pou yon kandida vaksen pou COVID-19 se yon sous fyète pou nou tout. Li menm ak travay kòlèg li yo isit la nan Rejyon Nò ak nan tout monn lan sou esè vaksen sa a genyen yon enpak dramatik sou fason nou pral gen viktwa sou pandemi sa a".

Chèf Maladi Enfektye Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY an, Dr. Stephen Thomas, te deklare, "Ekip Rejyon Nò a te travay yon vrèman di pou sipòte Pfizer ak patenè li yo pandan nou tout ap eseye jwenn fason pou frennen pandemi sa a. Travay di sa a konbine avèk anpil sipò ki soti nan Kominote CNY nou an te mete nou nan pozisyon pou nou gwo kontribitè nan efò pou devlope vaksen pou COVID lan".

Kòm youn nan sit esè vaksen faz twa mondyal yo, Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY an te anrejistre plis pase 300 volontè adilt nan esè a. Etid sou kandida vaksen an lakay volontè ki pi jèn yo pral kòmanse byen vit, kote yo te chwazi Fakilte Medikal Rejyon Nò a ankò kòm youn nan kèk sit yo.

Anons jodi a se dezyèm pou Fakilte Medikal Rejyon Nò SUNY an pandan otòn sa a sou rechèch ki gen rapò ak COVID-19. Rejyon Nò, anba lidèchip Doktè Frank Middleton, ak Quadrant Biosciences te resevwa apwobasyon Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la ak FDA a pou tès siveyans kolektif li a ak tès aplikatè pou prelevman saliv endividyèl yo. Ni tès endividyèl ak tès kolektif yo kapab fèt lè yo itilize aplikatè pou prelevman saliv olye yo ensere aplikatè yo nan nen yon moun.

Moun ap pran tès yo pou kont yo nan pase aplikatè nan bouch yo ak nan bay echantyon saliv yo, ke yo voye bay Fakilte Medikal Rejyon Nò a. Yo konbine echantyon yo a pou vini yon sèl epi yo teste li pou viris COVID-19 la. Yon tès negatif vle di ke tout 10-25 moun ki nan gwoup la yo sipoze nan moman an yo pa gen kowonaviris. Yon tès pozitif pou gwoup la ta vle di chak echantyon saliv endividyèl nan gwoup la tap bezwen teste ankò yon fason endividyèl pou idantifye ka pozitif egzak yo. Re-tès rapid la pa egzije moun ki nan gwoup pozitif la pou yo retounen soumèt konplètman yon nouvo echantyon. Sa akselere anpil pwosesis la epi li etann kapasite tès la.

Tès saliv Fakilte Medikal Rejyon Nò a pèmèt SUNY trete jiska 200,000 tès COVID pa semèn. Jiska prezan, SUNY te reyalize 378,488 tès pou COVID-19 sou kanpis yo avèk yon to pozitif 0.47 pousan.

Enfòmasyon sou State University of New York

Inivèsite Eta New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 kolèj oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de (2) fakilte dantè, inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. Nan otòn 2019, te gen plis pase 415,500 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY sipèvize prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Tout sistèm depans pou rechèch yo te depase 1.7 milya dola nan ane fiskal 2019 la, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)